# JÁMIYETLIK HÁM EKONOMIKALÍQ ILIMLER

**Ekonomika**

## ШАҢАРАҚ БИЗНЕСИН РАЎАЖЛАНДЫРЫЎ - ХАЛЫҚТЫҢ БӘНТЛИГИН ТӘМИЙИНЛЕЎ ҲӘМ ПӘРАЎАНЛЫҒЫН ЖЕТИЛИСТИРИЎДИҢ ГИРЕЎИ СЫПАТЫНДА

**О.Торебаев** – *экономика илимлериниң кандидаты, доцент*
**Б.Қаражанов** - *үлкен оқытыўшы*
**Г.Алиева** - *ассистент оқытыўшы*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** бизнес, кичик бизнес, тадбиркорлик, солиқ, оила бизнеси, кредит, бандлилик, ишсизлик, бюджет.

**Ключевые слова:** бизнес, малый бизнес, предпринимательство, налог, семейный бизнес, кредит, занятость, безработица, бюджет.

**Key words:** business, little business, businesslike, tax, family business, credit, asset, unemployment, budget.

Ғәрезсизлик жылларында киши бизнес ҳәм жеке исбилерменликти раўажландырыў, фермерлик ҳәрекетин күшейттириў, жеке сектордың мәмлекет жалпы өнимдеги үлесин асырыўға қаратылған системалы ис - илажлар әмелге асырылмақта. Сонлықтан да, жеке сектордың еркин ҳәм ғәрезсиз раўажланыўын тәмийинлейтуғын зәрүр ҳуқықый тийкарлар жаратылды ҳәм олар жеделлестирилип барылмақта. «Ҳәр қандай миллеттиң өзине сай мәнаўиятын қәлиплестириў ҳәм раўажлан-дырыўда, ҳеш гүмансыз, шаңарақтың орны ҳәм тәсири теңсиз. Себеби, инсанның ең таза ҳәм пәкизе сезимлери, дәслеп өмирге деген түсиниклери ҳәм көзқараслары, биринши гезекте, шаңарақта қәлиплеседи» [1].

Шаңарақ фермерлиги - дәстүрий мийнет жәмәәтлери ишинде ең көп тарқалғаны хожалық жүритиў усылы. Сол мәнисте «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетин раўажландырыў Концепциясы» нда көрсетип өтилген шаңарақ исбилерменлигиниң нызамшылық базасын жаратыў ҳаққындағы усыныс жүдә үлкен әҳмийетке ийе. Бул бағдарда қабыл етилетуғын нызамлар шаңарақ бизнесин ҳәм исбилерменликтиң ҳуқықый тийкарларын пайда етип қалмай, бәлким ҳәзирги күнде бул бағдарда ҳәр қыйлы админстративлик - бюракратиялық тосықлар, орынсыз араласыўларға шек қойып, шаңарақтың нызам күшине ҳәм өзине болған исениминиң артыўына алып келеди.

Шаңарақ (бизнеси) исбилерменлиги юридикалық шахс атағын алмаған физикалық шахслардың биргеликтеги исбилерменлик хызмети формасы болып, бул хызмет шаңарақ ағзалары тәрепинен, оларға улыўма биргеликтеги мүлк ҳуқықы тийкарында тийисли болған улыўма мүлк негизинде әмелге асырылады. Шаңарақ бизнеси шаңарақ ағзалары ҳәм оларға жәрдемлесиўши шаңарақ ағзаларының жеке мийнетине тийкарланған. Бунда халықтың социаллық қорғаўға мүтәж қатламларына кириўши шаңарақ бизнеси субъектлерине микрокредитлер биринши нәўбетте бериледи. Олар:

- кем тәмийинленген шаңарақлар;
-қурамында майыплар ҳәм халықтың социаллық қорғаўға мүтәж топарларына киритилген басқа шахслар болған шаңарақлар;
- қурамында еки ҳәм оннан артық жумыссызлар болған шаңарақлар [2].

Шаңарақ бизнеси субъектлерине микрокредитлер Өзбекстан Республикасы Мийнетти қорғаў ҳәм халықты социаллық қорғаў министрлиги қасындағы жумыс пенен тәмийинлеў фондларының кредит бағдары есабынан, 6 айға шекем даўам ететуғын жеңилликли дәўир менен еки жылға шекем мүддетке бериледи. Шаңарақ исбилерменлиги субъектлерине жумыс пенен тәмийинлеў фондының кредит бағдары есабынан берилетуғын микрокредитлер ең кем ис ҳақы муғдарының 150 еседен аспаўы лазым.

Шаңарақ бизнеси субъектлерине микрокредитлер жеңилликли процент ставка менен ажыратылады. Бул процент ставкасы әмелдеги Орайлық банк қайта финансластырыў ставкасының 1/4 бөлегин пайда етеди. Бүгинги күнде эксперт ҳәм алымларымыз тийисли шөлкемлер тәрепинен "Шаңарақ бизнеси ҳаққында"ғы нызам проекти үстинде жумыс алып барылмақта. Улыўма, шаңарақ бизнеси - шаңарақ ағзалары тәрепинен биргеликте басқарыў ҳәм бөлистириў ҳуқықы бойынша искерлик жүритетуғын исбилерменлик субъектлери есапланады.

Шаңарақ исбилерменлиги бәнтликти тәмийинлеў, халық пәраўанлығын тәмийинлеўдиң ең тийкарғы факторларынан бири сыпатында қаралмақта. Шаңарақ бизнесиниң өзгешелиги сонда, ол көп әсирлик шаңарақ дәстүрлери, үрп - әдетлери менен тығыз раўажланады. Мысалы, Швецияда мийнет пенен бәнт халықтың 61% ти шаңарақ бизнеси тараўында ислеп атырғаны хәм оның қаншелли үлкен әҳмийетке ийе екенлигин аңлатады.

Халық аралық шаңарақ исбилерменлиги изертлеўлери академиясы үйрениў процеси нәтийжелери бойынша раўажланып атырған мәмлекетлер экономикасында шаңарақ бизнеси үзликсиз раўажланып атыр. Сонлықтан да, көплеген раўажланып атырған мәмлекетлерде жалпы ишки өним қурамында шаңарақ бизнесиниң үлеси 55% ке шекем жетти. Бизнестиң бул тараўларын раўажландырыў ушын барлық қолайлықлар

жаратылған. Дәслеп, шаңарақ тәрепинен узақ жыллар даўамында шуғылланып киятырған шаңарақ кәсиплери, яғный темиршилик, зергерлик, пал ҳәррешилик, усташылық, балықшылық, шарўашылық, дийқаншылық, пиллешилик, бағманшылық, өнерментшилик, тоқымашылық ҳәм басқа да бағдарларларында шаңарақ бизнес субъектлерин пайда етиў ҳәм раўажландырыў айрықша әҳмийетке ийе. Соның менен бир қатарда, халыққа ҳызмет көрсетиўде шаңарақ исбилерменлиги субъектлерин кең жолға қойыў лазым.

Ҳәзирги ўақытта шаңарақлар дәраматының 1/4 бөлеги исбилерменлик есабынан пайда болмақта. Келешекте шаңарақ мүтәжлигиниң 50% ти усындай жоллар менен қапланып атыр. Бул республикамыз ушын жүдә әҳмийетли. Себеби, Европа мәмлекетлеринде бир ислеўшиге 0,7 адам - мийнет жасына жетпеген балалар хәм пенсиядағылар туўры келсе, бул көрсеткиш республикамызда 2,7 адамды пайда етеди. Бундай шараятта тек ғана айлық пенен шаңарақтың мүтәжлигин толық тәмийинлеп болмайды. Соның ушын да, келешекте шаңарақ пәраўанлығын тәмийинлеў ушын шаңарақ исбилерменлигин раўажландырыў мақсетке муўапық. Қолланылмай, пайдаланылмай турған мүлктиң қолланылыўы жәмийет ушын да жүдә әҳмийетли [2].

Бириншиден, жаңа жумыс орынлары жаратылады, екиншиден мәмлекетимизде базар ушын өним (хызмет) ислеп шығарылады ҳәм үшиншиден бундай хызмет нәтийжесинде мәмлекет бюджетине айлық төлеў жолы менен мәмлекеттиң экономикалық қүдиретиниң асыўына үлес қосылады. Шаңарақ исбилерменлигин раўажландырыў факторы сыпатында алынатуғын салықлар жүгин кемейттириў. Бул шаңараққа өзиниң қаржылары менен ислеп шығарыў яки басқа хызмет түрлерин кеңейттириў имканын береди. Салық жүгин кемейттириў ҳәзирги ўақытта жүдә әҳмийетли. Себеби, жүдә көп шаңарақлар еле исбилерменлик пенен шуғылланбаған, шуғылланғанлары болса, бул процесске көнлиге алмаған. Бундай жағдай, әлбетте, шаңарақ исбилерменлигин раўажлан-дырыўға кери тәсирин тийгизеди. Сонлықтан, шаңарақ исбилерменлиги менен шуғылланыўшы шахсларға салық салыў базасын қысқартыў, ставкасын пәсейттириў, бюджеттен тысқары фондларға төленетуғын мәжбүрий ажыратпаларды кемейттириў лазым. Жумыссызлық ҳәм шаңарақ бир - бири менен туўры байланыслы. Жумыссызлық қай жерден де келген яки жәмийеттен ажыралып қалған шахс емес. Егер теориялық тәрептен қарайтуғын болсақ, киши бизнес раўажланған жерде жумыссызлық машқаласы болыўы мүмкин емес. Себеби, адам жумыссыз болса, өзине жумыс табыўы, исбилерменлик хызметин жүритиўи ушын тийисли шараяты жаратылыўына умтылады. Бул ең дәслеп шаңарақ бизнесинде сәўлеленеди. Шаңарақ бизнесин раўажландырыў ушын оның нызамлы тийкарларына тығыз байланыслы. Оларға «Исбилерменлик хызмети еркинликлериниң кепилликлери ҳаққында», «Фермер хожалықлары ҳаққында», «Дийқан хожалықлары ҳаққында» усаған нызамларды киритиў мүмкин.

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2016-жыл 5-октябрьдеги «Исбилерменлик жумысының жедел раўажланыўын тәмийинлеўге, жеке меншикти ҳәр тәреплеме қораўға ҳәм исбилерменлик орталығын сапа жағынан жақсылаўға байланыслы қосымша илажлар ҳаққында»ғы Пәрманы талапларының сөзсиз орынланыўын тәмийинлеў мәселесине буннан былай да қатаң итибар қаратылыўы тийис.

Бул пәрман, биринши гезекте, киши бизнес ҳәм жеке исбилерменлик ушын қолайлы шараят жаратыў ҳәм оны ҳәр тәреплеме қоллап - қуўатлаў, республикамыздың инвестициялық потенциалын арттырыў ҳәм т.б. өз ишине алды.

Шаңарақ исбилерменликти мәмлекетимизде еле де жетилистириў мақсетинде Президентимиз тәрепинен жас шаңарақларды, шаңарақ дәраматлары төмен болғанларды, жумыссыз жасларды, пенсия жасындағы адамларды исбилерменликке тартыў мақсетинде банклер тәрепинен жыллық 9% ли төлемли кредитлер бериў (қара мал, қой, ешки, таўық, теплица қурыў асхана ислери менен шуғылланыў ҳәм т.б.) әмелге асырылмақта. Бунда исбилерменликти баслаўшылар дәслепки 6 ай даўамында барлық салық төлемлеринен азат етилетуғынлығы атап көрсетилген.

**Әдебиятлар**

1. Каримов И.А. Юксак маънавият - енгилмас куч. -Т.: "Маънавият", 2008.
2. Салаев С.К., Файзуллаев Н.Б., Таджиев Б.К. Ўзбекстонда оилавий тадбиркорлик ва кичик бизнесни ривожлантириш йўналишлари. -Т.: "Фан технология", 2011.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада оила бизнеси халқ бандлигини таъминлашда, мамлакатимиз иқтисодиётини кўтаришда ва солиқ миқдорини пасайтиришда асосий аҳамиятга эгалиги акс эттирилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье говорится о роли семейного бизнеса в обеспечении занятости народа, улучшении и развитии экономики и уменьшении оплаты налогов.

**SUMMARY**

The article deals with the role of family business in employing improvement and development of state economy and reducing the tax base.